# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्र आजु संसद आतंकी हमला क सहीदन के सरधांजलि दे रहल ह। तेरह दिसम्बर दुइ हजार एक के अजुये के दिन्ने सुरक्षाकरमी संसद क रक्षा करत सर्वोच्च बलिदान दिहले रहलें। एगो रिपोर्ट–

**उपराष्ट्रपति और राज्यसभा के सभापति सी पी राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृह मंत्री अमित शाह और केंद्रीय मंत्री पीयूष गोयल सहित कई सांसदों ने भी शहीदों को श्रद्धांजलि दी। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु ने कहा कि राष्ट्र उन नायकों के साहस, वीरता और बलिदान को नमन करता है, जिनकी कर्तव्य निष्ठा भारत की राष्ट्रीय भावना को निरंतर मार्गदर्शन देती है। राष्ट्रपति ने आतंकवाद के सभी रूपों से लड़ने के भारत के दृढ़ संकल्प को भी दोहराया। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने कहा कि देश उनके सर्वोच्च बलिदान के लिए सदैव कृतज्ञ रहेगा। श्री मोदी ने कहा कि भीषण खतरे के बीच उनका साहस, सतर्कता और कर्तव्यनिष्ठा सराहनीय थी। समाचार कक्ष से अरूण।**

**********

भारतीय जनता पारटी क वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी आजु प्रदेस भाजपा क अध्यक्ष पद खातिर पारटी क लखनऊ कार्यालय में आपन नामांकन दाखि कइलें। श्री चौधरी दुपहरिया में लखनऊ पहुंचलें जहवां भाजपा कार्यालय में उहां के औपचारिक रूप से नामांकन पत्र जमा कइलीं। येह मौका पर ढेरि संख्या में उनकर समरथक लखनऊ एयरपोर्ट आ पारटी कार्यालय में मौजूद रहलें।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आ ब्रजेश पाठक उनकर प्रस्तावक बनलें। भाजपा क राष्ट्रीय संगठन महासचिव विनोद तावड़े आ लखनऊ भाजपा प्रमुख महेन्द्र नाथ पाण्डेय चुनाव अधिकारी के रूप में नामांकन मंजूरी कइलें। नामांकन के दौरान पूर्व केन्द्रीय मंत्री स्मृति ईरानी सहित प्रदेश सरकार क मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह, सूर्य प्रताप शाही, सुरेश खन्ना आ बेबी रानी मौर्या मौजूद रहलिनि। पारटी क सतरहवां प्रदेस अध्यक्ष क घोसणा बिहने होई।

**********

काशी में आयोजित काशी–तमिल संगमम क चउथा संस्करण में येह बरिस एगो नया पहल कइल गइल बा। एहमें तमिलनाडु से आइल तमिल सिक्षक लोगि वाराणसी के कई गो स्कूलन में लइकन के पनरह दिन ले तमिल भासा क ज्ञान दिहलें। तमिल सिक्षक बतवलें कि ई उनके बदे एगो नया आ सुखद अनुभूति रहल।

**मैं तमिलनाडु तिरूची से आई हूँ। मुझे तमिल टीचर बनने के लिए इच्छुक हूं। लेकिन मैं हिन्दी अध्यापिका हूं। इधर आ कर बहुत सारे बच्चों को तमिल सीखाने का मौका मिलने पर मुझे बहुत खुशी है। इधर होने वाले सभी बच्चे तमिल में ये इसके क्या है, ये तरकारी का नाम कया है, ये सब्जी का नाम क्या है, रिश्तेदारों का नाम क्या–क्या है। जानने में बहुत खुशी से सिखते हैं।**

**********

श्री काशी विश्वनाथ धाम के नविनीकरण क आजु चउथा सालगिरह ह। येह मौका पर मंदिर न्यास क प्रतिनिधित्व करत श्री काशी विश्वनाथ धाम क डिप्टी कलेक्टर शंभू शरण भगवान विश्वेश्वर क विधि–विधान से पूजा–अर्चना कइलें। येह मौका पर वैदिक विध से मंत्रोच्चार के साथे भगवान विश्वनाथ क आराधना पूरा भइल। पूजन कार्यक्रम के जरिये धाम क नवीनिकरण कार क सफलता, सरधालुअन क सुविधा आ काशी क आध्यात्मिक रिवाज क संरक्षण बदे मंगल कामना कइल गइल। मंदिर न्यास की ओरि से येह मौका पर धाम क गौरवपूर्ण विकास, सुव्यवस्थित दरसन व्यवस्था आ सांस्कृतिक चेतना के मजबूत कइले के दिसा में एगो खास पड़ाव के रूप में मनावल गइल।

**********

अजोध्या में श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क एगो बइठकी में हिस्सा लिहले से पहिले श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्रा आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत राम मंदिर परिसर से जुड़ल कई गो अहम विकास कार क जनकारी दिहलें।

श्री मिश्रा बतवलें कि राम जनमभूमि परिसर में पुरान मंदिर क एगो भव्य स्मारक बनावल जाई। सथहीं राम मंदिर आन्दोलन में अपने प्राणन क बलिदान देवे वाले महापुरूषन आ कारसेवकन के यादियो में स्मारक निरमाण क कार सुरू कइ दिहल गइल बा। उहां के कहलीं कि ई स्मारक आवे वाले पीढ़ियन के राम मंदिर आन्दोलन के इतिहास से जोड़ी। उहां के बतवलीं कि मंदिर क सुरक्षा के धियान में रक्खत परिसन के बाउंड्री क निरमाण सुरू हो चुकल बा, जेहमें पचीस वॉच टावर बनावल जाई। बाउंड्री पुरहर तरीक से सोझ होई आ जरूरति परले पर जमीनि क बिस्तार चाहे खरीदल जाई।

उहां के बतवलीं कि सप्त मंदिरन पर ध्वजारोहण के ले के ट्रस्ट बिचार कइ रहल बा। एकतीस दिसम्बर के रामलला के प्राण प्रतिस्ठा क दुसरकी सालगिरह ह, जेकर तइयारी के ले के आजु बइठकी भइल।

**********

उन्नाव जिला में आजु भिन्नहीं एगो भीसण सड़कि दुरघटना हो गइल। थान्हा हसनगंज इलाका के अजगैन–मोहन राहि पर तेज रफ्तार डम्फर आ ऑटो आमने–सामने से लड़ि गइल। दुरघटना करीब साढ़े आठ बजे भइल।

येह दुरघटना में ऑटो में बइठल तीनि जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल जबकि तीनि जने अउरियो गम्हिराहे घाही हो गइलें। सूचना मिलले पर मौका पर पहुंचलि पुलिस आ पीआरवी टीमि ओइजा के लोगिन के मददि से घाही लोगिन के सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र भेजलसि।

**********